

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi nu geus dipedar dina bab IV, aya tilu hal anu jadi kacindekan tina ieu panalungtikan anu patali jeung kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” dina majalah *Manglé*. *Kahiji*, kohési léksikal nyoko kana patalina unsur-unsur kabeungharan kecap dina wacana. Dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* anu ngawengku 28 judul wacana téh kapanggih aya 739 data pananda kohési léksikal.

*Kadua*, kohési léksikal ngawengku genep wanda, nyaéta kohési léksikal sinonimi, antonimi, hiponimi, kolokasi, répétisi, jeung ékuivalénsi. Anapon jumlah data pananda anu kapanggih tina unggal wandana nyaéta (1) kohési léksikal sinonimi ngawengku 51 data pananda, (2) kohési léksikal antonimi ngawengku 72 data pananda, (3) kohési léksikal hiponimi ngawengku 62 data pananda, (4) kohési léksikal kolokasi ngawengku 97 data pananda, (5) kohési léksikal répétisi ngawengku 423 data pananda, jeung (6) kohési léksikal ékuivalénsi ngawengku 34 data pananda.

*Katilu*, wanda kohési léksikal anu dominan dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* nyaéta kohési léksikal répétisi kalawan jumlah data pananda leuwih ti satengahna tina jumlah sakabéh data pananda, nyaéta 423 data pananda. Sedengkeun wanda kohési léksikal anu pangsaeutikna kapanggih dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* nyaéta kohési léksikal ékuivalénsi kalawan jumlah data nyaéta 34 data pananda. Wacana dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* téh mangrupa wacana dina wangun téks warta, ari téks warta téh nyaéta kaasup kana warna wacana *non-fiksi*, anu mibanda eusi informatif. Hartina, sangkan eusi tina téks warta bisa katepikeun ka pamaca, tangtuna waé eusi dina wacana téh kudu jéntré tur teu ngabalukarkeun *ambiguitas* pamaca. Ku kituna, saluyu jeung hasil panalungtikan yén wanda kohési léksikal anu dominan dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé* téh nyaéta kohési léksikal répétisi, lantaran dina téks warta loba kecap-kecap anu dibalikan deui sangkan maksud tina éta téks warta teu ngabalukarkeun *ambiguitas* pamaca.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun kohési léksikal dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*. Implikasi tioritis dina ieu panalungtikan téh nyaéta kasuluyuan hasil panalungtikan jeung tiori anu digunakeun ngeunaan wanda kohési léksikal. Dumasar kana pedaran dina ulikan tiori, kohési léksikal ngawengku genep wanda, nyaéta kohési léksikal (1) sinonimi, (2) antonimi, (3) hiponimi, (4) kolokasi, (5) répétisi, jeung (6) ékuivalénsi. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dipaké pikeun ngalegaan pangaweruh masarakat kana wanda kohési léksikal anu aya dina wacana. Utamana pikeun média massa sangkan jadi référénsi dina ngalarapkeun kohési léksikal kana unggal wacanana jeung pikeun mahasiswa sangkan jadi référénsi pikeun panalungtikan ka hareupna ngeunaan kabasaan, hususna anu medar kohési léksikal dina wacana.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu dipedar saméméhna, aya sawatara rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta (1) pikeun panalungtik, dipiharep bisa tuluy ngajembaran pangaweruh ngeunaan kabasaan, (2) pikeun pamaca hususna mahasiswa, saupama ka hareupna rék nalungtik anu sarupa, dipiharep bisa nalungtik rubrik “Katumbiri” tina sakabéh édisi dina waktu sataun, sangkan leuwih euyeub data jeung fakta anu dihasilkeun, (3) pikeun guru jeung murid, dipiharep bisa jadi référénsi dina kagiatan pangajaran, jeung (4) pikeun masarakat, utamana média massa, dipiharep leuwih niténan kana eusi wacana saméméh medal dina média.